

# Asistans pou Chomaj nan Katastwòf disponib apre Siklòn Laura

---

Release Date: September 18, 2020

**BATON ROUGE, La.** – Asistans chomaj nan katastwòf disponib pou sèten travayè ki pèdi revni kòm yon rezilta dirèk nan Siklòn Laura nan Louisiana.

Objektif DUA se pou ede travayè yo ki pèdi revni prensipal yo oswa ki entèwonp pa yon katastwòf ki declare federalman. Li diferan de asirans chomaj regilye eta paske li bay benefis pou moun ki travayè otonòm yo, kiltivatè, ouvriye ak anplwaye yo ki travay sou komisyon.

Benefis DUA aplike pou plizyè semèn chomaj apati 23 Out 2020 jiska 27 Fevriye 2021 si benefis chomaj moun nan kontinye pou l yon rezilta dirèk nan katastwòf la.

Travayè ki afekte yo nan 21 pawas yo deziyen pou asistans katastwòf nan Louisiana dwe aplike premyèman pou asirans chomaj regilye. Pawas yo se Acadia, Allen, Beauregard, Caddo, Calcasieu, Cameron, Grant, Jackson, Jefferson Davis, La Salle, Lincoln, Morehouse, Natchitoches, Ouachita, Rapides, Sabine, St. Landry, Union, Vermilion, Vernon ak Winn.

Komisyon Mendèv Louisiana enfòme benefisyè yo si yo kalifye pou ranpli yon demann pou asistans chomaj katastwòf.

Aplikan yo ka aplike lè ou vizite [www.laworks.net](http://www.laworks.net), pòtal Helping Individuals Reach Employment.

Moun ki fè reklamasyon yo ka aplike tou pa telefòn lè yo rele Ekip Analiz Benefis la nan 866-783-5567 apati 8 a.m. pou rive 7 p.m. apati Lendi jiska Vandredi ak 8 a.m. pou rive 5 p.m. Dimanch

Aplikan yo nan Allen, Beauregard, Calcasieu, Cameron, Jefferson Davis ak pawas Vernon dwe aplike pou asistans chomaj katastwòf anvan Mèkredi 30 Septanm.



**FEMA**

Page 1 of 2

Aplikasyon yo nan Acadia, Grant, Jackson, Lincoln, Natchitoches, Ouachita, Rapides, Sabine, Vermillion ak pawas Winn dwe ranpli aplikasyon an anvan Vandredi 2 Oktòb.

Aplikasyon yo nan Morehouse ak pawas Union dwe aplike pou asistans chomaj katastwòf anvan Lendi 12 Oktòb.

Komisyon Mendèv Louisiana ap aksepte aplikasyon tou pou DUA bò kote aplikasyon yo nan Caddo, Pawas La Salle ak St. Landry jiska Mèkredi 14 Oktòb.

Pou w jwenn dènye enfòmasyon sou Siklòn Laura, vizite [www.fema.gov/disaster/4559](http://www.fema.gov/disaster/4559) oswa swiv kont Twitter 6 Rejyon FEMA nan [twitter.com/FEMARegion6](https://twitter.com/FEMARegion6).



**FEMA**

Page 2 of 2